

D+S
M**Koua-Sajès**
Mt 16,21-27
22^e d. o. A

28 août 2008 S. Augustin

Mt 16,24

R. « Si gin moun ki vlé
Suiv tras pié-m pou-l maché,
Fò-l kité tèt pa-l
Pou-l pran koua-l pou-l suiv mouin ».

- | | |
|--|---------------|
| 1. Apré profésion lafoua Piè nan Kris la Jézu fè yo ouè fò-l al Jérusalèm Pou-l soufri anpil ak ansyin, chèf prêt, skrib Y-ap rivé touyé-l, sou toua jou l-ap lévé. | Mt 16,21 |
| 2. Piè minm réproché-l : « Gras a Dié, sa pap fèt » Li minm li di Piè : « Al dèyè mouin, Satan, Ou-ap jinnin chémin-m, santiman ki nan kè-ou Pa sot nan Bondié, sé nan moun li soti. | Mt 16,22-23 |
| 3. Lè sa-a Jézu di : « Moun ki vlé vi-n apré-m, Fò-l kité tèt pa-l, pou-l pran koua-l, pou-l suiv mouin, Sa-k chèché sové pròp tèt pa-l, l-ap pèdi-l, Sa-k pèdi tèt pa-l poufèt mouin, l-ap jouinn li. | Mt 16,24-25 |
| 4. Sa sa ap sèvi pou yon moun gin tout tè, Si nam li blijé gin domaj poutèt sa ? Oubyin ki bagay yon moun t-a kapab bay Ki pou t-a sèvi, pou-l troké pou nam li ? | Mt 16,26 |
| 5. Ptit moun nan minm, li gin pou-l vi-n rivé Nan lagloua Papa-l ansanm ak anj li yo Épi lè sa-a minm l-ap rinmèt bay chak moun Dapré pròp aksion li té fè li minm minm. | Mt 16,27 |
| 6. Granmèt, ou vlé pran-m, mouin kité-ou atiré-m, Fòs pouvoua-ou krazé-m, ou ranpòté viktoua Tout jouunnin, tout moun ap pasé-m nan rizib Difé-ou la limin anndan kè-m san rété. | Jér 20,7-9 |
| 7. Anvan jou lévé, m-ap chèché-ou, mouin souaf ou. M-ap plinyin apré-ou kon tè sèk ki san dlo. Jé-m fiksé sou ou, min-m lévé, m-ap rélé-ou, Mouin kolé sou ou, ou soutni-m ak pròp min-ou. | Ps 63,2-3.5.9 |